



Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH)



Rezime Rapò

Gwo goumen nan mitan gwoup nèg ak Zam : RNDDH mande pwoteksyon pou popilasyon an

10 mai 2022

1. Soti 24 avril pou rive 6 me 2022, yon gwo goumen pete nan komin Taba ak nan Komin Kwadèboukè nan mitan gang 400 *mawozo* ak baz *Chen Mechan*, ki se de (2) gwoup bandi k'ap feraye nan plenn nan.
2. Daprè enfòmasyon ki t'ap sikile nan medya ak sou rezo sosyal yo, sitiyasyon ki t'ap devlope nan yon bon pati nan laplèn nan te bay anpil kè sote. Anpil kay boule, anpil moun mouri kankannen, kadejak fèt sou plizyè fanm ak tifi. Nan sans sa, Rezo Nasyonal k'ap Defann Dwa moun (RNDDH) te fè yon ankèt pou rive jwenn bon jan enfòmasyon sou batay sila a.
3. Pou nou te rive jwenn enfòmasyon yo, RNDDH te ale Taba, Kwadèboukè ak kèk kote nan depatman *sant* kote nou te rive rankontre katreven disèt (97) moun.
4. Jou ki te 24 avril 2022 a, byen bonè nan maten, bandi 400 *mawozo* debake ak gwo zam nan kamyonèt, bis ak sou moto, nan zòn baz *chen mechan* tankou Micho, Bit Bwaye, nan Mapou ak nan Marekaj. Menm kote a, kout bal kòmanse tire nan tout direksyon. Anpil dega fèt sa ki lakòz anpil moun viktim.
5. Nan aprè midi nan menm jounen 24 avril la, plizyè chèf gang *G-9 an fanmi e alye* tankou *Jimmy Cherizier alias Barbecue, Mathias Saintil, Iscard Andrice* ak *Dieulel Delet alias Ti Watson* debake nan plizyè cha blennde lapolis nasyonal la pou vin ede baz *chen mechan*.
6. Yon bò, baz 400 *mawozo* kontinye ap fè dega. Fouye kay nan zòn santo 15 ak santo 19 epi touye tout gason yo jwenn sou wout yo. Kanta fanm ak tifi, yo fè kadejak sou anpil nan yo.
7. Yon lòt bò, baz *chen mechan* ak tout lòt chef gang ki nan *G-9 an Fanmi e Alye* yo pwofite fouye tout kay ki nan fyèf *chen mechan* avèk yon lis pou touye tout moun ki ta gen relasyon ak Orliche Emile alias *Pè Lebren* ouswa ki ta nan konplo ak baz 400 *mawozo*.

8. Nan jou ki te 29 avril 2022 a, plizyè inite nan lapolis la tankou direksyon santral lapolis jidisyè (DCPJ), lapolis kap siveye fwontyè (POLIFRONT), kò ki fè entèkansyon sou moto (CBIM) ak kèk sòlda nan lame Dayiti te pase nan kèk zòn avan yo te al kanpe nan Marekaj, nan antre Bit Bwaye. Apènan yo kite zòn nan, batay la te rekòmanse ak plis vyolans.

9. Nan jou ki te 2 me 2022 a, gang 400 Mawozo a te rive pran kontwòl anpil zòn ki te sou kont Chen Mehan, tankou zòn Babankou, chada, kafou maren, Lathan, Lizon, ak zòn radyo MBC. Jou sa a, plizyè inite nan lapolis la ak kèk sòlda nan lame a te fè yon entèkansyon, sa ki te pouse nèg 400 Mawozo yo rantre nan po krab yo.

10. Soti 24 avril pou rive 6 me 2022, dega yo anpil nan Plenn nan. Anpil moun blije kouri kite kay yo pou al pran refij lòt kote tankou sou plas Klèsin nan, nan Kay kastò, kay fanmi ouswa zanmi ak nan kèk lòt depatman tankou sant ak Latibonit. Konsa tou, anpil moun pèdi lavi yo san konte kay ak machin ki boule.

Bilan

11. Pou pi piti gen *san karantuit* (148) moun ki pèdi lavi yo, katreven en (81) kay ki boule ak senkant sèt (57) machin/moto ki boule.

- Nan Bit Bwaye ak nan Marekaj, nèg 400 mawozo yo antre nan kay, yo tire moun, yo boule moun ki te la yo. Pou pi piti gen 48 moun ki mouri nan *lakou 7 kout kouto*. Anplis, yo touye disèt (17) jenn fanm ki te nan yon ti otèl *nan galèt* epi yo jete yo nan pi ak nan tou latrin. Toujou nan menm zòn nan, gen trant (30) kay ak vennsenk (25) machin ki boule.
- Nan koridò Djo ak Santo 2, gen karanssèt (47) moun ki mouri. Manm nan popilasyon an te rive wè disèt (17) kadav pami yo yon tibebe. Yon lòt bò, *Baz chen mehan* te rive fouye tou pou mete trant (30) lèzòt yo paske kadav yo te kòmanse gate. Pou pi piti, gen senkanteyen (51) kay ak trannde (32) machin ki boule.
- Nan Kafou Marasa, gen *venntwa* (23) moun ki rive pèdi lavi yo.
- Nan site tibaka, gen *kenz* (15) moun pou pi piti ki mouri rache ak kout manchèt.
- Nan Site Doudoun, toupren pon Taba, sis (6) moun mouri ak kout manchèt epi bandi yo pran tèt yo.
- Nan Lilavwa gen *de* (2) moun ki mouri.
- Nan dat 5 me 2022 a, gen sèt (7) bandi baz chen mehan ki di chèf la ki se Claudy Celestin alyas *chen mehan* yo pa ka kontinye gè a ankò, menm kote a, yo touye tout sèt (7) mesye yo.

12. RNDDH te pale ak kèk otorite nan lajistis ki nan jiridiksyon Kwadèboukè a. Dapre Komisè gouvènman Mèt Roosevelt Zamor, li deklare li deja mete aksyon piblik an mouvaman dèyè tout moun ki gen men yo tranpe nan masak sila. Konsènan Jij tribinal depè Kwadèmisyon an Mèt Jean Kesnel Lapointe, li di li pat rive fè ankenn konsta sou dega ki fèt yo akoz pat gen mezi pou sekirize zòn yo. Mèt Anyl Civil, jij tribinal depè Kwadèboukè a, sou bò pa li te rive fè konsta twa (3) kadav bò mache Seradòt, nan Bonrepo, dapre sa li rakonte.

13. RNDDH kwè masak sa rive fèt paske zotobre nan peyi Dayiti pa bay lavi moun regle anyen pou yo. Depi plizyè lane, gwo chabrak nan Leta chwazi mete gang nan chak ti kwen nan peyi a yon fason pou yo ka kenbe pouvwa a. Konsa, yo toujou ap bay gang yo zam ak katouch. Sak pi rèd la, 76% nan tout zam ki antre nan peyi a pase nan pò pòtoprens. Dayè, pa gen ankenn siveyans nan pò, nan ayewopò ak sou fwontyè a paske depi nan lane 2012, sou prezidan Joseph Michel Martelly, brigad pou goumen kont kontrebann yo te kraze.

14. Pou fini, RNDDH kwè li pa nòmal pou chak lè gen goumen nan mitan gang pou lapolis ap ede youn nan gwoup gang yo goumen sitou gang ki pwòch zotobre ki nan pouvwa.

15. Lè nou gade tout dega sa yo, RNDDH mande Chabrak nan Leta pou yo : sispann pwoteje bandi ; anpeche Zam ak katouch rantre nan peyi a san kontwòl ; retire PNH la nan sòs politik yo ; mennen bon jan ankèt sou polisye ki nan kòkòday ak bandi sitou sa yo ki abitye bay *G-9 an fanmi e Alye* materyèl PNH la ; pran kontwòl tout zòn ki nan men bandi yo, pini tout moun ki gen men yo tranpe nan move zak, epi pran bon jan mezi pou pwoteje popilasyon an.